



Feyè Enfòmasyon

Dènye Revizyon 3 mas 2017

Gid ou Konsènan InfoPass

InfoPass se yon sèvis gratis sou entènèt la ki pèmèt ou pran yon randevou ak yon ajan imigrasyon nan biwo Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon nan Etazini (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS). Ou ka ale sou sit entènèt nou an nenpòt kilè pou pwograme yon randevou san w pa bezwen ale nan yon biwo lokal USCIS an pèsòn.

Kijan InfoPass ka rann lavi ou pi fasil?

- Li gratis! Ou p ap peye senk kòb pou pwograme pwòp randevou ou.
- Li pratik. Ale sou <https://my.uscis.gov/appointment> pou pwograme randevou w la sou sit entènèt nou an sou òdinatè lakay ou, aparèy mobil ou, oswa òdinatè nan bibliyotèk piblik lokal ou a.
- Li fasil. Swiv ti etap senp sa yo:
 1. Chwazi lang ou. InfoPass bay chwa pou itilize 12 lang pou pwograme yon randevou.
 2. Anba "Fè yon Randevou":
 - Si ou anndan Etazini, chwazi **Anndan Peyi Etazini** epi apresya tape kòd postal ou pou adrès postal ou.
 - Si ou deyò Etazini, chwazi **Deyò Peyi Etazini** epi apresya chwazi peyi kote ou ye nan moman an.
 3. Chwazi yon dat ak lè pou randevou ou a. Si w pa wè yon lè ki bon pou, retounen sou InfoPass demen. Gen nouvo chwa pou randevou disponib chak jou travay.
 4. Bay omwen siyati ou, dat nesans ou, ak nimewo telefòn ou.
 5. Enprime avi pou randevou ki parèt sou ekran òdinatè ou a. Avi a pral montre lè, dat ak adrès randevou ou a, epi ou pral bezwen pote li ak ou nan randevou InfoPass ou a. Si ou pa kapab enprime avi a, ekri nimewo konfimasyon ak PIN la pou ou kapab jwenn aksè nan avi pou randevou InfoPass ou a yon lòt lè.

Ki dokiman ou dwe pote nan randevou an?

W ap bezwen pote dokiman ki pral ede eksplike kesyon ou a oswa pwoblèm ou gen ak ka w la. Men kèk dokiman w ap bezwen:

- Avi pou konfimasyon randevou InfoPass ou a
- Pyès idantifikasyon gouvènman te ba ou. Sa kapab nenpòt nan bagay sa yo:
 - Kat idantite ak foto ou sou li gouvènman te ba ou.
 - Paspò
 - Pèmi pou kondwi ki valid
 - Kat Rezidan Pèmanan (sa ki rele grinkat la tou)
 - Dokiman Otorizasyon Travay
- Fòmilè I-94, Dosye Arive-Depa ki gen foto ou kole sou li
- Nenpòt lèt USCIS te voye pou ou. Men kèk egzanp:
 - Avi pou fè ou konnen yo te resevwa yon demann ou te voye
 - Avi pou randevou pou entèvyou
 - Lèt desizyon
 - Demann pou prèv (dokiman)
- Tout dokiman etranje ki gen rapò ak demann ou a fèt pou yo tradwi

Kisa pou ou fè si ou vle chanje randevou a?

- Ou ka anile oswa pran yon lòt randevou avèk nimewo konfimasyon ak PIN ki te make sou avi pou konfimasyon randevou orijinal la.
- Pou nou kapab sèvi plis kliyan posib, tanpri anile randevou w la si ou p ap ka vini lè randevou a. Pa gen okenn sanksyon pou moun ki chanje oswa anile yon randevou.
- Si ou pèdi avi pou randevou ou, ou ka ale sou InfoPass epi antre enfòmasyon yo mande yo pou enprime yon ranplasman.

Sa pou ou fè si ou jis bezwen yon ransèyman woutin ?

Pou zafè woutin, ou pa bezwen al kontre ak yon ajan USCIS an pèsòn. Ou ka poze kesyon sa yo nan telefòn oswa sou sitwèb nou an. Pou fè sa klike sou youn nan bouton yo ki sou paj dakèy InfoPass la.

Pou enfòmasyon jeneral, ou pa bezwen pèdi tan ou deplase - rele NCSC nan 1-800-375-5283 lakay ou pou wè si yo ka reponn kesyon ou yo avan!